

Pwopozisyon pou lekòl Eliot K-8 Innovation School Deklarasyon sou Enpak Ekite

Tit la : Pwopozisyon pou lekòl Eliot K-8 Innovation School

Dat la : 11 mas, 2022

Èske n te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la \(REPT a\)](#) ? Wi Non

Si repons lan se wi, mete dat (divès dat) reyinyon REPT yo ak lyen an pou REPT konplete a isit : _____

Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikisyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ? Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la	Rezime/Rezònman
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta pwopozisyon an/efò a dezire jwenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo reflekte idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun nwa, latinx, azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun militeng (ki pale plizyè lang), epi ki genyen kèk eksperyans Edikasyon Spesyal) ?</i></p>	<p>Nou menm, lekòl Eliot K-8 Innovation School, n ap reyimajine, nan yon fason radikal, fiti aprantisaj, ki kontekte avèk fiti travay, avèk yon konsantrasyon presi tankou yon lazè sou ekite ak aksè nan bonjan kalite edikasyon. Nou dwe prepare tout elèv pou yo atenn tout potansyèl yo nan fason yo anbrase idantite yo, devlope konpetans entèdisiplinè pou 21yèm syèk la, e aplike yon mantalite antirasis ki ranfòse avèk konesans, dekwa pou yo kapab patisipe nan yon fason aktif nan yon mond kiltirèlman divès konplike k ap pede chanje. Misyon nou se avanse ekite rasyal ak ekite edikasyonèl nan fason nou transfòme afè ansèyman a yon pedagoji ki santre sou elèv yo pou bati lakay yo konesans, pwodui travay otantik, e bati divès konpetans pou 21yèm syèk la avèk yon anfas sou lajwa ak kritisite. Depi 2012, n ap eksplwate divès otonomi pou n evalye, repete, e amelyore pwogram yo, pandan ke n ap reponn a divès bezwen kominote nou yo k ap chanje. Nou asire ke plis pase 800 elèv Lekòl Piblik Boston (BPS) ap eksperimante devlopman mantal atravè divès solisyon ekite, aksesib, e pratik.</p> <p>Lekòl Eliot K-8 Innovation School byen dispoze pou l kontinye eksplwate otonomi ki akòde yo atravè estati Lekòl Inovatris nou an pou l founi divès opòtinite bay kominote aprantisaj divèsifye nou an, dekwa pou elèv yo kapab atenn tout potansyèl yo. Nou fyè de devlopman nou, e nou bay valè a divès resous nou yo. Antanke yon lekòl ki arive grandi sot nan 324 elèv nan 2 bilding an 2012 pou rive atenn plis pase 800 elèv nan twa bilding an 2021, nou prèske rive nan plèn kapasite n. Pousuit nou pou n atenn amelyorasyon kontiyèl ap konsantre sou kiltivasyon jeni lakay tout elèv yo, kòm yon enklab inovasyon. Ansanm, elèv, fanmi, manm pèsònèl, ak manm kominote yo etabli divès nouvo objektif pou reyisit elèv yo, e nou rekonèt bezwen ki genyen pou plis otonomi nan distribisyon resous, planifikasyon, ak desizyon k ap fèt pou vanse tout elèv nou yo nan pwòp objektif skolè pa yo.</p> <p>Komite Plan Inovasyon Lekòl Eliot la (IPC) konpoze de 28 manm ki reprezante kominote skolè nou an sou baz ras, sèks, etnisite, lang, ak divès gwoup aprantisaj elèv yo.</p>
<p>2. Amoni ak Plan Stratejik la <i>Se kòman pwopozisyon an/efò a aliyen avèk plan stratejik distri a ?</i></p>	<p>Se vizyon ak misyon lekòl Eliot School la ki dirije aplikasyon nou an, ansanm avèk Plan Stratejik Lekòl Piblik Boston. Divès objektif pwopozisyon an aliyen dirèkteman avèk Angajman 1 (ELIMINE MANKMAN NAN OPÒTINITE AK REYISIT) ak Angajman 2 (APRANTISAJ AKSELERE). Mezi ak plan dakasyon nou pou n atenn objektif sa yo tout aliyen dirèkteman avèk Angajman 3 jiska 6.</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Angajman 3 (AMPLIFYE TOUT VWA (Tout Dizon)) : Ansanm, elèv, fanmi, manm pèsònèl, ak manm kominote yo etabli divès nouvo objektif pou reyisit elèv yo, e nou rekonèt bezwen ki egziste pou plis otonomi nan distribisyon resous, planifikasyon, ak desizyon k ap fèt pou vanse tout elèv nou yo nan pwòp objektif skolè pa yo. ● Angajman 4 (ELAJI OPÒTINITE) : Misyon nou pa t ap posib san otonomi bidjetè. Pifò pwogram nou yo depann sou finansman spesifik ki kapab redistribye e distribye selon bezwen elèv yo. ● Angajman 5 (KILTIVE KONFYANS) : Yon modèl efikas pou rekritman manm pèsònèl yo

	<p>esansyèl pou asire reyisit elèv yo. Lekòl Eliot K-8 Innovation School ap chèche yon modèl pou manm pèsone l yo ki asire ke tout pwofesyonèl byen prepare nan domèn matyè yo ak/oswa nivo klas yo ; pou asire ke moral manm pèsone l yo ak angajman yo wo ; ke pwofesè yo ak founisè sèvis yo santi yo kapab reponn a bezwen divèsifye elèv yo ; e ke tout pati enterese pataje yon vizyon pou lekòl la ak yon pwosesis kolaborasyon.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Angajman 6 (AKTIVE DIVÈS PATENARYA) : Kolabore avèk divès òganizasyon patnè pou founi aprantisaj ak devlopman konpetans, pandan n ap konsantre sou divès konpetans sosyal e emosyonèl esansyèl pou devlopman jèn yo ak konpetans pwofesyonèl ki kritik pou reyisit yo nan inivèsite ak nan karyè yo.
<p>3. Analiz Done yo <i>Ki done ki te analize ? Èske yo te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa yo te montre konsènan disparite yo ?</i></p>	<p>IPC a te egzamine plizyè resous done kantitatif e kalitatif lòske l t ap ekri plan final la, ki enkli done istorik egzamen Sistèm Evalyasyon Okonplè Massachusetts la (Massachusetts Comprehensive Assessment System - MCAS), divès Mezi Devlopman Akademik (Measures of Academic Progress - MAP) nan Lekti ak Matematik, dives done Sondaj Klima Lekòl Piblik Boston yo, ak dives done evalyasyon ACCESS la (Assessing Comprehension and Communication in English State-to-State) pou Elèv K ap Aprann Angle Yo (ELs). Similè a tandans yo nan distri a, nou wè ke nòt Elèv k ap Aprann Angle yo (ELs), elèv ki genyen andikap yo (SWD), ak elèv nwa ak elèv latino yo pi ba pase nòt elèv sila n yo ki pa nan kad Elèv k ap Aprann Angle, pi ba pase elèv Edikasyon Jeneral, elèv blan, ak elèv azyatik. Elèv sila n yo ki Gen Andikap e k ap Aprann Angle, istorikman fè nòt ki pi ba pase tout lòt kategori demografik, e tandans sa a te kontinye nan done evalyasyon Devlopman MAP pi resan nou an ki te fèt an ivè 2021.</p> <p>Kolèk done kalitatif e enfòmèl enkli divès nòt ki sot nan divès reyinyon Konsèy Fanmi lekòl Eliot School la, nan sesyon chita tande kominotè yo, divès sesyon biwo Direktè Lekòl la, ak divès reyinyon Komite Plan Inovasyon an ki fèt chak mwa.</p>
<p>4. Angajman Pati Enterese yo <i>Kilès ki te angaje (kantite, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, e kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i></p>	<p>Angajman pati enterese yo kritik nan tout plan, desizyon, ak kolèk kòmantè k ap fèt nan lekòl Eliot. Reyinyon mansyèl IPC a te kòmanse an oktòb 2020 e l te kontinye jiska novanm 2021. Komite a te konpoze de divès manm pèsone l ak ekip lidèchip lekòl Eliot la, Kò Gouvènè ak Konsèy Fanmi l lan, ak yon manm Komite Skolè Lekòl Piblik Boston an.</p> <p>Apa de reyinyon mansyèl nou yo, te gen divès sesyon kòmantè avèk manm pèsone l yo, elèv yo, ak fanmi yo pou kontinyèlman founi mizajou sou chak bwouyon. An jeneral, fanmi yo ak elèv yo met aksan sou prezèvasyon divès pratik aprantisaj inovatris ak anrichisman pèsone l pou elèv yo ak divès plan akselerasyon, k ap ogmante sipò sosyal emosyonèl elèv ak fanmi, pandan e aprè peryòd pandemi a, ak retansyon elèv ak manm pèsone l pou redui entèripsyon nan pwogram aprantisaj la nan lekòl Eliot.</p>
<p>5. Strateji Ekite Rasyal <i>Se kòman pwopozisyon sa a/efò sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ? Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplemantè k ap avanse ekite a pou l rive pi lwen ?</i></p>	<p>Nan efò pou n redui mankman nan opòtinite, nou anvizaje founi divès opòtinite anrichisman pou elèv lekòl Eliot K-8 Innovation School yo. Selon done egzamen MCAS pi resan nou yo, nou bezwen kontinye rafine e repete meyè pratik nou yo pou n soutni elèv ki gen andikap nou yo (SWD), elèv k ap aprann angle n yo (ELs), ak elèv nwa ak elèv latino n yo.</p> <p>Avèk kontinyasyon founisman devlopman pwofesyonèl koyeran, pisan nan rechè ki ankre sou rechèch ki baze sou prèv, pedagoji ki kiltirèlman e istorikman pètinan, syans lekti, ak pratik antirasis, ekip pwofesè ki kouvri klas jadendanfan K jiska klas 8yèm ane yo ap aliye nan objektif pou yo elimine mankman nan opòtinite ki enpakte elèv koulè n yo, elèv ki gen andikap nou yo, ak elèv k ap aprann angle n yo, nan yon fason dispwopòsyone. Edikasyon ak travay an ekip pou adilt ap sèvi kòm fondasyon pandanke n ap angaje nan divès tach aprantisaj apwofondi ki sou nivo klas yo, ki entèaktif, pètinan, reyèl atravè pwennvi kat+1 pousuit Gholdy Muhammad yo (idantite, devlopman konpetans, entelèktiyalis, kritisite, ak lajwa).</p> <p>Anplis, elèv ki gen andikap yo (SWD) ak elèv k ap aprann angle yo (ELs) ap kontinye benefisye nan anrichisman akademik nou founi nan pwogram jounen skolè pwolonje a. Divès strateji</p>

	<p>akselerasyon tankou divès entèvansyon nan lekti ki baze sou rechèch, terapi langaj ak lang, ègoterapi, ak divès gwoup jwè sosyal emosyonèl ap avanse siksè pou tout elèv. Nou arive fè plizyè chanjman enpòtan nan orè n yo pandan dènye senkan ki sot pase yo pou n vance devan ekite edikasyonèl, nan fason n ranfòse jenès sila yo ki pi lwen opòtinite yo. Youn nan levye ki pi enpòtan pou leve nivo anrichisman an te toujou jounen skolè pwolonje nou an. Kòm yon benefisyè sibvansyon Tan Aprantisaj Pwolonje 21yèm syèk Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a, nou bay in èdtan anplis sou jounen skolè tradisyonèl la pou yon total 180 èdtan anplis chak ane. Nou detèmine pou n konsakre tout pati jounen an pou divès eksperyans aprantisaj ki solid, amizan, ki kiltirèlman e istorikman pètinan.</p> <p>Youn nan fason nou arive ogmante divès opòtinite pou elèv nou yo se atravè peryòd tan Jwe Inove Kreye Eliot la (« Eliot Play Innovate Create », EPIC). Akoz modèl tan aprantisaj pwolonje entegre okonplè nou an, yon peryòd tan EPIC sible fèt chak jou pou tout elèv. Peryòd tan EPIC la kreye e soutni divès opòtinite anrichisman ki konekte avèk kontni sal de klas yo, li devlope konpetans elèv yo ke yo kapab transfere ant plizyè kontni, e li ranfòse yon kilti kolaborasyon ant pwofesè kontni yo ak pwofesè anrichisman yo. Pwofesè yo devlope divès pwojè wo kalite ki istorikman e kiltirèlman pètinan pou EPIC, avèk itilizasyon tan planifikasyon ansanm ak zouti ak resous pwogram « Kaleidoscope Collective for Learning » nan.</p> <p>Atravè otonomi nou genyen pou n kreye orè yo, nou kapab mete divès manm pèsone nan tout nivo klas, sètadi ni pwofesè sal de klas ni pwofesè anrichisman. Elèv yo kapab egzèse vwa yo, chwa yo, ak otonomi yo nan chwa pwojè y ap fè yo, e patisipe nan divès peryòd (sik) ki dire 15 jou. Peryòd EPIC yo enkli jwèt « parkour », relye liv, ebenistri (travay bwa), baladodifizyon (podcasting), kreyasyon liv ti komik, ak yon klib jounal ke elèv yo kreye. N ap kontinye asire ke elèv yo jwenn aksè nan bonjan kalite anrichisman siperyè e n ap itilize divès done pou n idantifye domèn sila yo ki grandi e selebre siksè nou yo.</p>
<p>6. Bidjè ak Enplemantasyon <i>Ki sa ki enpak bidjè yo ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo, patikilyèman objektif sila yo ki anrapò ak ekite ? Ki idantite gwoup yo ki fè pati ekip enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i></p>	<p>Byenke pwogram etid, ansèyman, ak evalyasyon fè pati fondamantal lekòl Eliot, nou depann anpil sou rès otonomi yo pou n reyalize vizyon nou, sètadi : orè ak kalandriye, rekritman manm pèsone, devlopman pwofesyonèl, divès regleman distri a, ak bidjè. Yon bon pati pwogram nou yo depann de finansman presi ki kapab redistribye e distribiye selon divès bezwen lekòl nou an, jan strikti gouvènans nou an ta detèmine sa. Nou ta renmen kontinye itilize fòmil elèv ekilibre Lekòl Piblik Boston an, kote ke dola yo suiv tout elèv nou yo. Modèl bidjetè sa a ranfòse priz desizyon ki baze nan lekòl yo nan afè finansman divès pwogram ak inisyativ.</p> <p>Konsèy Administratif, Konsèy Fanmi, ak Ekip Lidèchip lekòl Eliot yo reyini chak mwa. Epitou, n ap genyen divès reyinyon chak twa mwa avèk toule twa gwoup lidèchip yo ansanm pou asire ke n aplike yon pwennvi ekite pataje, ansanm ak enplemantasyon fidèl parapò a divès bi ak divès objektif plan an. Konpozisyon tout ekip sa yo asire reprezantasyon toupatou nan kominote skolè nou an, ki enkli ras, sèks, etnisite, lang, ak divès gwoup aprantisaj elèv yo.</p>
<p>7. Kontrandi ak Kominikasyon <i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, epi kominike yo bay pati enterese yo ? Kilès k ap responsab ?</i></p>	<p>Lekòl Eliot School toujou detèmine pou l amelyore ranman akademik yo e asire ke tout elèv jwenn aksè nan yon edikasyon klas mondyal pou prepare yo pou fiti travay yo. Kontrandi kòmansè avèk kòmantè elèv yo ak manm pèsone yo, ak patisipasyon fanmi yo. Evalyasyon fòmatif esansyèl pou n suiv pwogrè elèv yo, dezagrege (separe) selon ras, estati Elèv k ap Aprann Angle, ak estati elèv ki fè pati Edikasyon Espesyal (SpEd), e yo avanse sipò pou pwogram etid yo. Evalyasyon sila yo enkli MAP Reading Fluency (K - 2) (pou metriz parapò a lekti, pou klas jadendanfan K jiska klas 2yèm ane), MAP Growth Reading and Math (3rd - 8th) (pou devlopman parapò a lekti ak matematik pou elèv klas 3yèm jiska 8yèm ane) ak evalyasyon ekri Teachers' College Reading and Writing Project (Pwojè Lekti ak Ekri Inivèsitè Pwofesè yo).</p> <p>Apa de pwogrè akademik, n ap kontinye founi kominikasyon klè, konstan, e transparan bay fanmi</p>

yo. Tout fanmi resevwa divès Pwen Enpòtan pou lekòl Eliot Chak Semèn, bilten nouvèl pou chak nivo klas chak semèn, mizajou sou sal de klas yo avèk videyo, foto, ak divès pwochen evènman, ak anpil lòt bagay ankò ! Epiou nou travay avèk Konsèy Fanmi nou an, Konsèy Administrasyon nou an, ak volontè nou yo pou n itilize platfòm « ParentSquare » la pou n kominike avèk tout gwoup pati enterese nou yo. ParentSquare pèmèt tout manm pèsonèl ak fanmi nan toule twa bilding nou yo kominike avèk itilizasyon yon sèl platfòm ke itilizatè yo kapab kontwole (app, imel, tèks), epi kominikasyon an otomatikman tradui nan lang prefere chak itilizatè. Aksè ekitab e konstan esansyèl pou siksè kominote nou an.

Lekòl Eliot School kontinye detèmine pou l kreye divès eksperyans aprantisaj pwofon antirasis ki kiltirèlman e istorikman pètinan, ki baze sou jwèt, pou tout elèv. Nou optimize divès otonomi pandan dènye dizan ki sot pase yo pou n elavaye pwogram nou yo, repete, e amelyore pou n reponn a divès bezwen kominote nou an k ap pede chanje. Lòske nou rann siksè elèv yo posib atravè divès pratik aprantisaj transfòmasyonèl, n ap egzekite divès inisyativ Plan an, e n ap devlope elèv ki edike nan yon fason global ki ekipe avèk konpetans ak pasyon pou yo kapab pousuiv rèv yo. Ansanm, n ap asire ke divès pratik transfòmasyonèl ki enkibe nan lekòl Eliot la dokimante, pataje, e kominike aklè ak tout pati enterese yo, e avèk tout eta a, pandan ke n ap reyimajine kolektivman fiti aprantisaj ki konekte a fiti travay yo.